



## Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: **A-101**

Subject: **ADMISYON, READMISYON, TRANSFÈ AK AVI SOU LIS POU TOUT ELÈV**

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: **Jedi 17 fevriye 2022**

### REZIME CHANJMAN YO

- Li revize dwa pou retounen pou timoun k ap retounen nan distri lekòl Vil Nouyòk ak timoun k ap retounen soti nan prizon sou lòd tribinal, nan yon enstitisyon sou kontwòl leta ak nan pwogram tretman (§§ III, III.A.1-3, III.C.1-2, III.D.1, VII.E.3).



## Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: **A-101**

Subject: **ADMISYON, READMISYON, TRANSFÈ AK AVI SOU LIS POU TOUT ELÈV**

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: **Jedi 17 fevriye 2022**

<b>REZIME CHANJMAN YO .....</b>	<b>1</b>
<b>REZIME .....</b>	<b>3</b>
<b>I. ENTWODIKSYON.....</b>	<b>3</b>
<b>II. REGLEMAN ADMISYON AK ENSKRIPSYON .....</b>	<b>9</b>
<b>III. READMISYON.....</b>	<b>18</b>
<b>IV. TRANSFÈ.....</b>	<b>19</b>
<b>V. REGLEMAN ADMISYON AK ENSKRIPSYON pou elèv ki gen andikap .....</b>	<b>24</b>
<b>VI. DETÈMINASYON AK FASON POU VERIFYE ADRÈS .....</b>	<b>25</b>
<b>VII. SITIYASYON ESPESYAL.....</b>	<b>29</b>
<b>VIII. AVIZE SOU LIS (LIST NOTICE).....</b>	<b>34</b>
<b>IX. EKSEPSYON (WAIVER) .....</b>	<b>35</b>
<b>X. DEMAND RANSÈYMAN .....</b>	<b>35</b>



## Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: **A-101**

Sijè: **ADMISYON, READMISYON, TRANSFÈ AK AVI SOU LIS POU TOUT ELÈV**

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: **Jedi 17 fevriye 2022**

### REZIME

Règleman sa a ranplase CR A-101 ki gen dat 31 mas 2020. Li tabli regleman konsènan admisyon, dechaj, ak transfè elèv nan distri lekòl Vil Nouyòk, toulede nan Distri administrasyon 1-32 ak nan pwogram ak lekòl espesyalize Distri 75,sofsi gen lòt rapèl.

### I. ENTWODIKSYON

A. Biwo enskripsyon elèv(Office of Student Enrollment)konsève inik otorite ak responsablite pou admisyon ak regleman enskripsyon ak planifikasyon pou tout lekòl ki nan Distri 1-32 anndan distri lekòl Vil Nouyòk. Sipèntandan Distri 75 ak Distri 79 gen responsablite pou regleman admisyon ak enskripsyon ak planifikasyon nan tout lekòl ak pwogram nan distri pa yo.

B. Definisyon:

Pou objektif regleman sa a:

1. **Admisyon an** refere ak pwosesis aplikasyon kote fanmi soumèt lekòl oswa pwogram yo pi pito pou jwenn yon òf pou yon lekòl oswa pwogram pou anwole pou ane lekòl k ap vini an.
2. DOE vle di Depatman Edikasyon Vil Nouyòk
3. **Lekòl DOE** fè referans ak yon lekòl ki nan distri lekòl Vil Nouyòk, ki gen ladan lekòl nan Distri 1-32 ak pwogram ak lekòl nan Distri 75.
4. **Anwolman** an fè referans ak timoun la ki fini enskripsyon nan lekòl yo te voye l la epi lekòl la mete timoun la sou lis nan sistèm la, kote li ale lekòl kounye a.
5. **Paran** an fè referans ak paran oswa responsab timoun lan oswa nenpòt moun ki sèvi kòm paran oswa responsab timoun lan. Sa gen ladan l: paran biyolojik oswa paran adoptif, bopè-bèlmè, responsab legal, paran nan fwaye akèy, ak "moun ki reprezante paran" yon timoun ki ale nan yon lekòl. "**Moun ki reprezante paran an**" fè referans ak yon moun ki pran swen yon timoun paske paran oswa

responsab timoun sa a pa disponib, menmsi se akoz, pami lòt bagay, lanmò, anprizònman, maladi mantal, li pa rete nan Eta a, oswa abandon timoun lan.

6. **Enskripsyon Pwovizwa** fè referans ak aksyon yon lekòl mete yon timoun sou lis nan sistèm la lè yo pa prezante tout dokiman yo oswa gen kesyon sou validite dokiman oswa sikonstans elijiblite timoun lan pou vini lekòl la.
7. **Enskripsyon** fè referans avèk pwosesis konfimasyon admisyon timoun lan pou vini lekòl la sou baz dokiman valid paran an prezante, tankou prèv aj ak adrès, sof nan ka Seksyon VII prevwa yo, ak aksyon lekòl la pou mete timoun lan sou lis nan sistèm lan.
8. **Transfè** fè referans avèk yon timoun k ap kite lekòl DOE li ye nan moman an pou antre nan yon diferan lekòl DOE, dapre youn nan kategori yo souliye nan Seksyon IV. Yo pa retire sou lis timoun ki transfere nan yon lòt distri lekòl Vil Nouyòk.
9. **Zoned School** fè referans avèk lekòl ki bay premye priyorite pou timoun ki abite nan yon zòn jewografik espesifik ki defini kòm “zòn.” Yon zoned school sèvi timoun ki abite nan sektè/zòn jewografik sa a avan l sèvi tout lòt timoun k ap viv andeyò zòn sa a, sof pou admisyon nan pre-K, kote aplikan ki nan pwogram 3-K lekòl sa a resevwa premye priyorite pou ale lekòl sa a avan lòt aplikan ki soti nan lòt zòn. Nouvo timoun *zoned* yo gen dwa pou enskri ak ale nan lekòl *zoned* school yo si gen plas ki disponib.

#### C. Admisyon nan lekòl

1. Yo pa ka refize admisyon timoun nan yon lekòl DOE poutèt ras li, koulè po li, kwayans li, peyi li sòti, sèks li, sèks li idantifye tèt li, poutèt li ansent, kondisyon imigrasyon/sitwayènte li, andikap li, oryantasyon seksyèl li, relijyon l, oswa etnisite l.
2. Timoun ki gen anivèsè yo ki tonbe nan ane kalandriye admisyon an, yo elijib pou yo pran yo nan pwogram 3-K(dapre priyorite pou admisyon(gade seksyon II.B.) ak dapre plas ki disponib).
3. Yo dwe pran timoun ki vin gen katran nan ane kalandriye admisyon an nan pre-kindergarten (dapre priyorite pou admisyon(gade seksyon II.C.) ak dapre plas ki disponib).
4. Timoun ki vin gen senkan nan ane kalandriye yo admèt li nan yon lekòl oblije ale epi yo dwe admèt yo nan kindergarten, kit timoun sa yo ap antre lekòl pou premye fwa oswa kit yo te nan yon lòt lekòl, sepandan timoun sa yo pa oblije ale nan kindergarten nan yon lekòl DOE si :
  - a. paran yo pito chwazi pou mete yo nan klas 1ye ane kòm yon timoun ki gen laj 6 ane pou ane lekòl apre a, oswa

- b. si enskri nan prive oswa si paran yo te enskri yo nan Biwo lekòl adomisil (Office of Home Schooling) DOE.

Timoun ki vin gen 6 zan nan ane kalandriye yo admèt yo epi ki pa anwole nan yon lekòl DOE oswa enskri nan Biwo lekòl adomisil, yo ta dwe admèt yo nan klas 1ye ane.

- 5. Li obligatwa pou timoun ale lekòl depi yo gen senkan, eksepte jan yo di l nan paragraf 4a oswa 4b pi wo a. Li obligatwa pou timoun ale lekòl jis nan fen ane lekòl kote yo vin gen laj 17 ane epi, si yo poko pran yon diplòm lekòl segondè, yo ka rete lekòl jis nan fen ane lekòl yo vin gen 21 ane, menmsi yo deja resevwa kredi pou gradyasyon.

#### D. Regleman sou plasman nan klas

1. Kindergarten se premye klas nan distri lekòl Vil Nouyòk. Yo pral enskri sèlman timoun ki vin gen 5 lane nan ane kalandriye a nan kindergarten. Yo pral enskri sèlman timoun ki vin gen 6 zan nan ane kalandriye a nan 1ye ane.
2. Nan ka kote yon timoun oblije ale nan klas 1ye ane dapre laj li, men direktè a jije li ta pi bon onivo akademik pou yo mete l nan yon lòt klas, direktè a pral konsilte Sipèentandan an konsènan plasman an epi sipèentandan an epi l ap bay dokiman medikal oswa lòt dokiman valab paran oswa responsab la soumèt ki jistifye rezon pou yo mete l nan yon lòt klas. Sipèentandan an ap pran desizyon final la konsènan nivo klas ki apwopriye pou elèv la.
3. Yo pral admèt timoun ki nouvo nan distri lekòl Nouyòk la nan klas 2yèm-12yèm ane dapre dosye edikasyon ki disponib nan dènnye lekòl timoun lan ki prezan nan tan enskripsyon an.
4. Pou timoun ki nouvo nan distri lekòl Vil Nouyòk ak ki pa gen dosye edikasyon oswa dosye edikasyon yo pi ansyen pase 2 ane lekòl, yo pral mete yo nan klas konsa:
  - a. Yo pral enskri timoun yo pou yon ti tan dapre laj; pou timoun ki gen laj lekòl segondè, si timoun lan vin gen 15 lane avan fen ane lekòl la (nan dat 30 jen oswa avan), yo pral enskri timoun lan nan klas 9yèm ane.
  - b. Direktè a pral evalye si yon lòt plasman eskolè ta ka pi apwopriye sou plan pedagojik. Direktè a pral diskite avèk sipèentandan an ak bay prèv pou jistifye tout rekòmandasyon. Sipèentandan an ap pran desizyon final la konsènan nivo klas ki apwopriye pou elèv la.
  - c. Si direktè a resevwa nouvo dosye edikasyon anplis, li pral ajiste plasman klas la.
5. Yo pral plase timoun yo te retire nan distri lekòl Vil Nouyòk epi k ap retounen nan distri lekòl Vil la nan yon klas dapre dosye edikasyon yo. Si timoun lan

retounen nan menm ane lekòl kote li te kite epi dosye edikasyon l montre li te fini klas la yon lòt kote, yo pral enskri timoun lan pou pwochen klas la pou pwochen ane lekòl la.

#### E. Kondisyon prè adrès

1. Sof nan ka Seksyon VII.B ak VII.C prevwa, yon timoun dwe abite nan Vil Nouyòk pou li ka gen dwa ale nan lekòl DOE. Nenpòt timoun ki pa abite nan Vil Nouyòk dwe soumèt yon aplikasyon nan Biwo enskripsyon elèv (Office of Student Enrollment, OSE) pou yo ka konsidere l pou l antre nan yon lekòl DOE dapre CR A-125.
2. Tout paran dwe ranpli yon kesyonè sou kote yo abite (*Housing Questionnaire*) pou pitit yo lè y ap enskri nan lekòl yo. Yo dwe refere tout timoun yo idantifye kòm moun ki abite nan lojman tanporè bay pwogram elèv ki nan lojman tanporè (*Students in Temporary Housing, STH*). Gade [Housing Questionnaire](#) ki vini avèk Gid sou Lwa McKinney-Vento pou paran ak Jèn ([McKinney-Vento Act Guide for Parents and Youth](#)).
3. Timoun ki nan klas kindergarten rive klas 12yèm ane ki chanje adrès nan Vil Nouyòk gen dwa rete nan lekòl yo ye a jiskaske yo fini dènye klas lekòl la genyen. Yo pa ka transfere timoun nan *zoned school* yo oswa nan distri kote yo abite akòz pwoblèm akademik oswa pwoblèm disiplin eksepte dapre pwosedi ki tabli nan CR A-450.
4. Paran timoun ki chanje adrès nan Vil Nouyòk pandan yo anwole epi kote nouvo adrès la se swa andeyò zòn yo oswa andeyò distri lekòl yo abite a, se paran sa yo ki responsab pou prezans ak ponktyalite timoun yo. Timoun sa yo pa pral vini elijib pou transpò otobis jòn andeyò pwovizyon Regleman Chanselye A-801 (Chancellor's Regulation A-801) ak tout dwa pou transpò espesyalize jan li ekri nan Plan Edikasyon endividyèl (Individualized Education Program (IEP)) la. Si yo kontinye absan ak anreta, lekòl la dwe travay avèk elèv la ak fanmi l pou fasilite ak sipòte prezans ak ponktyalite regilye.
  - a. Sepandan, si plizyè absans ak/oswa reta egzajere ap kontinye, epi si direktè a panse li ta pi bon pou elèv, direktè a ka kòmanse pwosesis transfè a nan lekòl la kote timoun lan fèk abite a oswa nan yon lòt lekòl pi pre nouvo adrès timoun lan. Direktè a dwe soumèt bay estaf ki gen responsablite Borough Office la, oswa nan ka lekòl distri 75, Biwo Distri 75, dokiman konsènan absans ak/oswa reta egzajere elèv la, ansanm avèk dokiman ki pwouve efò yo fè pou travay avèk timoun lan ak fanmi l pou sipòte regilyèman prezans li. Estaf ki gen responsablite nan Borough Office oswa Distri 75 la pral evalye dokiman yo te soumèt la lè yo konpare dosye reta ak prezans avan elèv la te chanje adrès la avèk reta ak absans apre timoun lan chanje adrès la, ansanm avèk dokiman sou efò lekòl la fè pou sipòte prezans timoun lan.

- b. Pou lekòl distri 1-32: Si estaf ki gen responsablite Borough Office la konfime prezans ak ponktyalite vin pi mal, yo pral mande yon nouvo plas bòkote direktè egzekitif oswa direktè Sant byenveni pou fanmi (Family Welcome Center, FWC)a. Pou Pwogram Distri 75 : Biwo Plasman Distri 75 (District 75 Placement Office) pral konfime prezans ak ponktyalite vin pi mal epi yo bay yon nouvo pwogram Distri 75.
- c. Direktè a dwe apwouve demann paran an avèk avi alekri an, pou di yo transfere timoun lan. Pou lekòl distri 1-32: Lè w fin resevwa konfimasyon nan men estaf ki gen responsablite Borough Office la, Biwo enskripsyon elèv (Office of Student Enrollment, OSE) pral transfere timoun lan ak mete timoun lan nan rejis *zoned school* la oswa nan lekòl yo endike a oswa nan yon lòt lekòl apwopriye kote timoun lan elijib pou ale. Pou Pwogram Distri 75 : Biwo Distri 75 pral voye avi pou paran pou nouvo plasman ak konseye paran pou enskri.
- d. Elèv ki nan lojman tanporè ak elèv ki nan *foster care* gen dwa pa ka transfere sofsi yo panse l ap pi bon elèv la si l chanje lekòl, jan yo di l nan seksyon VII.B (pou elèv ki nan lojman tanporè) ak seksyon VII.C (pou elèv ki nan foster care).

#### F. Regleman sou enskripsyon

1. Pou mete yon timoun sou lis pou enskripsyon ak anwòlman nan lekòl DOE, paran an dwe vini, sofsi timoun lan se yon minè emansipe, ki gen laj 18 lane oswa plis, oswa si li se yon jèn k ap viv poukont li (gade Seksyon VII.A).
  - a. Si endividi k ap enskri timoun lan se pa yon paran, endividi a dwe ranpli yon [deklarasyon responsab elèv ki pa paran l \(non-parent custodian affidavit\)](#) ak bay li nan lekòl la, Sant Byenveni pou Fanmi (Family Welcome Center), oswa pwogram Distri 75; si li disponib, yo dwe bay deklarasyon paran ([parent affidavit](#)). Minè emansipe, elèv ki gen laj 18 lane pou pi piti ak jèn ki responsab tèt yo pa oblije bay *non-parent custodian affidavit* oswa *parent affidavit*(gade seksyon VII.A).
  - b. Si gen kesyon konsènan relasyon moun k ap chèche enskri elèv la avèk li, yo dwe enskri elèv la ann atandan lekòl la fè yon lòt investigasyon pou konnen kisa moun lan ye pou timoun lan.
2. Moun ki prezante an dwe pote:
  - a. Prèw adrès yo ka verifye (gade seksyon VI);
  - b. Dokiman pou pwouve laj, tankou batistè, paspò, (menmsi se paspò yon peyi etranje), oswa ak batèm (ki gen ladan l dat nesans). Si dokiman nou mete pi wo a pa disponib, yo ka konsidere lòt dokiman oswa dosye pou detèmine laj yon timoun:

- i. lisans ofisyèl pou kondui;
  - ii. kat idantite gouvènman oswa eta bay (paegzanp kat IDNYC);
  - iii. kat idantite lekòl bay ki gen dat nesans ou;
  - iv. kat Idantifikasyon konsila peyi w ba w;
  - v. dosye lopital oswa dosye medikal;
  - vi. kat didantite kòm depandan yon paran militè;
  - vii. dokiman ajans federal, eta oswa lokal bay (paegzanp, ajans lokal sèvis sosyal, *Federal Office of Refugee Resettlement*);
  - viii. lòd tribinal oswa lòt dokiman tribinal ba w;
  - ix. dokiman tribi endyen Ameriken; oswa
  - x. dosye yon ajans èd entènasyonal ki la pou pa fè pwofi ak ajans kote moun ofri sèvis yo kòm volontè.
- c. Dosye vaksinasyon timoun lan (si li disponib)
  - d. Dènve kanè oswa relve nòt lekòl timoun lan (si l disponib)
3. Yo dwe enskri timoun lan pou yon ti tan epi lekòl la dwe pran dispozisyon apwopriye si paran an pa ka montre ase prèv sifizan tankou:
    - a. adrès;
    - b. laj;
    - c. Kanè vaksinasyon;
    - d. dosye edikasyon.
  4. Si yon lekòl oswa OSE, Distri 75 Biwo enskripsyon oswa yon pwogram Distri 75, oswa Komite Edikasyon espesyal pou preskolè (Committee on Preschool Special Education, CPSE) fin enskri yon timoun kòrèkteman, lè se ka a, lekòl la oswa pwogram kote yo voye/enskri timoun lan pa ka refize pran timoun lan.
  5. Si yon timoun enskri pou ale nan yon lekòl dapre elijiblite (paegzanp dapre adrès kay li, priyorite pou **sibling**, rekòmandasyon pou pwogram espesyalize), timoun lan dwe toujou rete elijib nan moman enskripsyon an pou l ale nan lekòl la. Si sitiyasyon elijiblite timoun lan chanje, Biwo enskripsyon elèv (Office of Student Enrollment, OSE) oswa Placement Office distri 75 pral transfere timoun lan epi aranje l pou yo mete timoun lan sou lis nan yon lekòl kote timoun lan elijib.

#### G. Regleman ak pwosedi jeneral

1. Yo dwe fè aranjman pou plasman ak enskripsyon pou nenpòt timoun ki elijib pou klas k-12 ki prezante nan yon lekòl, pwogram, oswa Sant Byenveni pou Fanmi



(Family Welcome Centers, FWC) pou ale lekòl nan pwochen jou lekòl la, si posib, epi li pa dwe pi ta pase 5 jou lekòl.

2. Timoun k ap chèche admisyon nan Lekòl Segondè Distri 1-32, men ki pa t patisipe nan pwosesis admisyon lekòl segondè a, dwe ale nan yon Sant Byenveni pou Fanmi pou yo ka enskri ak jwenn yon plas. Okenn lekòl segondè (eksepte pwogram Distri 75, pwogram Distri 79 ak lekòl transfè yo) pa ka enskri timoun.
3. Dapre lalwa, yo pa ka egzije ni mande timoun pou yo prezante papyè imigrasyon ni yo pa ka refize pran yo lekòl dapre sitiyasyon imigrasyon yo oswa si yo pa prezante dokiman sou sitiyasyon imigrasyon yo. Yo pa ka mande sitiyasyon imigrasyon yon timoun oswa paran l nan okenn fòm ak/oswa dosye lekòl.
4. Y ap admèt timoun ki sou kont ajans byennèt sosyal, enstitisyon jistis pou minè ak ajans penitansye, nan lekòl nan fason yo di nan Seksyon III.D, VII.C, VII.E, ak VII.F. yo.

## II. REGLEMAN ADMISYON AK ENSKRIPSYON

Pou tout regleman sou enskripsyon ak admisyon, gade seksyon VII.B ak VII.C, ki bay elèv ki nan lojman tanporè ak elèv ki nan foster care ki al viv andeyò Vil Nouyòk poutèt sitiyasyon oswa pwoteksyon anplis yo sa yo.

### A. *Priyorite pou sibling*

1. Pou rezon priyorite pou admisyon nan lekòl, yon sibling verifye ka se yon demi frè, yon bofrè/bèlsè ak/oswa yon sibling nan foster care ki abite nan menm kay timoun k ap chèche admisyon oswa enskripsyon nan lekòl la, epi ki
  - a. yenskri oswa ki nan lekòl sa a nan moman yo t ap soumèt aplikasyon an, epi ki pral kontinye ale nan lekòl sa a nan pwochen ane an, oswa
  - b. li nan yon pwogram Distri 75 ki nan menm bilding avèk lekòl la.
2. Nan pwosesis admisyon an pou 3-k, pre-k, ak pwogram lekòl primè, yo bay timoun ki gen frè/sè/fanmi (Siblings)priyorite nan lekòl ak pwogram sa yo lè yo satisfè kritè elijiblite si gen plas disponib.
3. Pou rezon priyorite nan admisyon nan yon pwogram 3-K, yon **sibling** yo verifye se yon **sibling** ki nan yon pwogram pre-K oswa nan yon sant Pre-K. Sant Pre-K yo se pwogram k ap fonksyone nan distri DOE sipèvize ak dirije ki ofri pwogram pre-K, ak pwogram 3-K, nan kèk ka.
4. Lekòl ak pwogram yo gen responsablite verifye estati **sibling** lan avan yo fè òf admisyon an.

B. Priyorite pou admisyon nan pwogram distri 1-32, 3-K

1. Timoun yo dwe gen laj 3 lane nan dat 31 desanm ane lekòl la pou yo ka elijib pou ale nan 3-K nan ane akademik sa a.
2. Yo admèt aplikan nan pwogram nan 3-K nan zoned school yo dapre lòd priyorite pou admisyon sa yo, si gen plas disponib :
  - a. Aplikan zoned ki gen yon **sibling** yo verifye;
  - b. Aplikan *zoned* ki pa gen **sibling** yo verifye;
  - c. Aplikan ki abite nan distri a ki gen *sibling* yo verifye;
  - d. Aplikan ki pa abite nan distri a epi ki gen **sibling** yo verifye;
  - e. Aplikan ki abite nan distri a;
  - f. Aplikan ki pa abite nan distri a.
3. Yo admèt aplikan nan pwogram nan 3-K nan lekòl i pa distri zoned yo dapre priyorite pou admisyon sa yo, si gen plas disponib :
  - a. Aplikan ki abite nan distri a ki gen *sibling* yo verifye;
  - b. Aplikan ki pa abite nan distri a epi ki gen **sibling** yo verifye;
  - c. Aplikan ki abite nan distri a;
  - d. Aplikan ki pa abite nan distri a.
4. Yo admèt aplikan nan pwogram 3-K nan sant pre-K yo dapre lòd priyorite admisyon sa yo, si gen plas disponib :
  - a. Aplikan ki abite nan distri a ki gen *sibling* yo verifye;
  - b. Aplikan ki pa abite nan distri a epi ki gen **sibling** yo verifye;
  - c. Aplikan ki abite nan distri a;
  - d. Aplikan ki pa abite nan distri a.
5. Pou moun ki nan pwogram 3-K, yo ka ajoute lòt estrikti priyorite pou admisyon pou yo gen plis divèsite nan popilasyon elèv yo. Priyorite sa yo dwe jwenn apwobasyon Division of Early Childhood Education, the Office of Student Enrollment, ak Office of the General Counsel. Fanmi ap resevwa avi depi pwogram yo ajoute lòt priyorite avan pwosesis aplikasyon an.

C. Priyorite pou admisyon nan pwogram distri 1-32, Pre-K

1. Timoun yo dwe gen laj 4 lane nan dat 31 desanm ane lekòl la pou yo ka elijib pou ale nan pwogram pre-K nan ane akademik sa a.
2. Yo admèt aplikan nan pwogram pre-k ki nan lekòl distri zoned yo dapre priyorite pou admisyon sa yo, si gen plas disponib :
  - a. Aplikan ki nan pwogram 3-K lekòl yo kounye a;

- b. Aplikan zoned ki gen yon **sibling** yo verifye;
  - c. Aplikan *zoned* ki pa gen **sibling** yo verifye;
  - d. Aplikan ki abite nan distri a ki gen *sibling* yo verifye;
  - e. Aplikan ki pa abite nan distri a epi ki gen **sibling** yo verifye;
  - f. Aplikan ki abite nan distri a;
  - g. Aplikan ki pa abite nan distri a.
3. Yo admèt aplikan nan pwogram pre-k ki nan lekòl distri zoned yo dapre priyorite pou admisyon sa yo, si gen plas disponib :
- a. Aplikan ki nan pwogram 3-K lekòl yo kounye a;
  - b. Aplikan ki abite nan distri a ki gen *sibling* yo verifye;
  - c. Aplikan ki pa abite nan distri a epi ki gen **sibling** yo verifye;
  - d. Aplikan ki abite nan distri a;
  - e. Aplikan ki pa abite nan distri a.
4. Yo admèt aplikan nan pwogram pre-K ki nan sant pre-K yo dapre lòd priyorite admisyon sa yo, si gen plas disponib :
- a. Aplikan ki nan pwogram 3-K lekòl yo kounye a;
  - b. Aplikan ki abite nan distri a;
  - c. Aplikan ki pa abite nan distri a.
5. Si gen plis aplikan ki nan yon pwogram 3-K nan yon lekòl kounye a pase plas ki disponib nan pwogram pre-K lekòl la, aplikan ki anwole nan lekòl 3-K yo kounye a ap resevwa òf pou pwogram pre-K lekòl sa a dapre priyorite pou admisyon nan lòd yo dekri yo pi wo nan (§II.C.2-4)..
6. Pou pwogram Pre-K endividyèl, yo ka ajoute lòt estrikti priyorite pou admisyon pou yo gen plis divèsite nan popilasyon elèv yo. Priyorite sa yo dwe jwenn apwobasyon Division of Early Childhood Education, the Office of Student Enrollment, ak Office of the General Counsel. Fanmi ap resevwa avi depi pwogram yo ajoute lòt priyorite avan pwosesis aplikasyon an.
- D. Priyorite pou admisyon nan lekòl Distri 1-32 yo
1. Yo oblije *Zoned school* yo pou sèvi tout timoun ki abite nan zòn yo, si gen plas, kèlkeswa lè fanmi yo vin enskri yo. Yo dwe admèt aplikan nan lekòl sektè yo dapre lòd priyorite sa yo:
- a. Aplikan zoned ki gen yon **sibling** yo verifye;
  - b. Aplikan *zoned* ki pa gen **sibling** yo verifye;
- Si Biwo enskripsyon elèv jije li nesèsè dapre plas ki disponib, tandans ane avan yo, bezwen nan distri a, yo ka ofri gwoup priyorite sa yo plas nan

lòd nou dekri pi ba a. Se sèlman OSE ki ka otorize yo bay yon admisyon nan yon lekòl ki pa nan sektè/zòn (Zoned-zoned san yo pa konsidere lòd priyorite sa a ; paegzanp, pou aplikan ki pa ka jwenn plas nan zoned school yo, oswa pou pwogram espesyalize, tankou pwogram an de lang(dual language)..

- c. Aplikan ki abite nan distri a ki gen *sibling* yo verifye;
  - d. Aplikan ki pa abite nan distri a epi ki gen **sibling** yo verifye;
  - e. Aplikan ki nan pwogram *pre-K* lekòl la kounye a ki abite nan distri a ;
  - f. Aplikan ki pa abite nan distri a ki nan pwogram *pre-K* lekòl la kounye a;
  - g. Aplikan ki abite nan distri a;
  - h. Aplikan ki pa abite nan distri a.
2. Yo dwe admèt aplikan nan lekòl ki pa pou sektè kay yo nan lòd priyorite sa a:
    - a. Aplikan ki abite nan distri a ki gen yon *sibling* yo verifye;
    - b. Aplikan ki pa abite nan distri a epi ki gen **sibling** yo verifye;
    - c. Aplikan ki nan pwogram *pre-K* lekòl la kounye a ki abite nan distri a ;
    - d. Aplikan ki pa abite nan distri a ki nan pwogram *pre-K* lekòl la kounye a;
    - e. Aplikan ki abite nan distri a;
    - f. Aplikan ki pa abite nan distri a.
  3. Pou kèk lekòl, yo ka ajoute lòt estrikti priyorite pou admisyon pou yo gen plis divèsite nan popilasyon elèv yo. Priyorite sa yo dwe jwenn apwobasyon Office of Student Enrollment, ak Office of the General Counsel. Fanmi ap resevwa avi depi pwogram yo ajoute lòt priyorite avan pwosesis admisyon an.
- E. Enskripsyon ak Anwolman nan Lekòl primè Distri 1-32 (eksepte pou 3-K ak *pre-K*)
1. Timoun gen dwa pou ale nan lekòl sektè/zòn jewografik(zoned) yo depi gen plas disponib.
  2. Timoun nan lekòl primè ki pa gen yon zoned school gen dwa pou jwenn yon plas nan yon lekòl nan distri kote adrès li ye pou lekòl primè.
  3. Si timoun ki gen laj pou ale lekòl primè rive apre pwosesis admisyon an fini pou kindergarten:
    - a. Timoun ki gen yon zoned school ka swa enskri dirèkteman nan zoned school li swa vizite yon sant byenveni pou fanmi(Family Welcome Center, FWC).pou detèmine lòt opsyon pou lekòl disponib yo. Si enskripsyon nan zoned school la gentan fini pou klas timoun lan ap fè a, timoun lan pral resevwa yon plasman nan yon lòt lekòl jan Seksyon II.I an di a.

- b. Timoun ki pa gen yon *zoned school* ta dwe ale nan yon FWC pou yo ba yo yon plas lekòl.
  - 4. Timoun k ap chèche enskri nan yon lekòl ki pa yon *zoned school* oswa nan yon lekòl kote yo pa abite nan zòn jewografik la ka sèlman jwenn plas nan lekòl sa a ak enskri dapre règ ki nan regleman sa a, tankou seksyon II.H ki pi ba a oswa jan Biwo enskripsyon elèv detèmine l la.
- F. Admisyon, Enskripsyon, ak Anwòlman nan Lekòl Presegondè Distri 1-32
  - 1. Priyorite pou admisyon pou Lekòl Presegondè
    - a. Timoun ki nan klas 5yèm ane elijib pou aplike nan lekòl presegondè ki nan distri kote ki pou sektè yo abite ki gen lekòl presegondè ki pou yo a ak nan distri kote yo ale nan lekòl primè a, si li diferan. Timoun ki aplike nan yon lekòl nan distri li ale lekòl la gen menm nivo priyorite admisyon ak lòt aplikan kote adrès lakay yo se nan distri sa a.
    - b. Timoun ki gen yon lekòl presegondè pou sektè a gen priyorite admisyon pou yo ale nan lekòl sa a si yo mete l nan aplikasyon lekòl presegondè yo.
    - c. Timoun nan klas 5yèm ane ki nan yon lekòl ki gen klas K rive 8yèm ane oswa K-12yèm ane kenbe priyorite admisyon yo pou pwosesis admisyon nan lekòl sa a si yo klase lekòl K rive 8yèm ane oswa K-12yèm ane sa a sou aplikasyon lekòl presegondè yo.
    - d. Pandan pwosesis admisyon lekòl presegondè, Biwo enskripsyon elèv (Office of Student Enrollment, OSE) detèmine pral gen plas disponib konsa:
      - i. Nan sektè/zòn jewografik (Zoned schools): Pral gen plas disponib pou timoun ki pa abite nan sektè/zòn jewografik yo sèlman si apre tout timoun ki abite nan zòn jewografik yo jwenn yon plas atravè pwosesis admisyon an. Timoun zoned ki aplike pral resevwa pals avan elèv non-zoned yo si gen plas disponib.
      - ii. Nan lekòl K-8 oswa K-12: Pral gen plas disponib pou timoun ki pa kontinye yo sèlman si apre tout timoun ki kontinye yo jwenn yon òf atravè pwosesis admisyon an. Y ap pran timoun k ap kontinye nan lekòl la avan timoun ki pa p rete nan lekòl la lè gen plas disponib.
    - e. Si yon timoun ki nan yon lekòl DOE kounye a pa jwenn yon plas nan yon lekòl li te mete sou aplikasyon li, y ap mete li nan distri kote li prale pou lekòl presegondè a.

- f. Timoun ki pa aplike nan pwosesis admisyon lekòl presegondè a (tankou fè apèl) pou zoned school yo oswa nan lekòl yo ye a ki gen klas kindergarten rive 8yèm oswa K-12yèm ane oswa K-12yèm ane pa gen garanti pou ale nan lekòl sa pou lekòl presegondè. Sepandan, OSE pral konsidere lekòl sa a pou nenpòt demand transfè alavni nan yon lòt lekòl presegondè. Tout timoun k ap mande transfè nan yon lòt lekòl presegondè dwe ale nan yon FWC pou jwenn yon plas.
2. Timoun ki pa tepatisipe nan pwosesis admisyon lekòl presegondè a ka enskri nan fason sa yo:
    - a. Yo pral ba yo yon plas nan lekòl presegondè timoun nan klas 5yèm ane ki anwole nan yon lekòl DOE nan moman pwosesis aplikasyon.
    - b. Timoun ki abite nan zoned school ka swa enskri dirèkteman nan zoned school li swa vizite yon sant byenveni pou fanmi(Family Welcome Center, FWC).pou detèmine lòt opsyon pou lekòl disponib yo. Si enskripsyon nan zoned school la gentan fini pou klas timoun lan ap fè a, timoun lan pral resevwa yon plasman nan yon lòt lekòl jan Seksyon II.J. an di a.
    - c. Timoun ki pa gen yon *zoned school* ta dwe ale nan yon FWC pou yo ba yo yon plas lekòl.
    - d. Timoun k ap chèche enskri nan yon lekòl ki pa yon zoned school oswa nan yon lekòl kote yo pa abite nan zòn jewografik la ka sèlman jwenn plas nan lekòl sa a ak enskri dapre règ ki nan regleman sa a, tankou seksyon II.H ki pi ba a oswa jan Biwo enskripsyon elèv detèmine l la.
- G. Regleman pou lekòl ki pou sektè elèv abite(Zoned Schools)
1. Timoun ki nan sektè jewografik lekòl la gen priyorite pou admisyon ak anwòlman nan pwogram zòn sa yo dapre dispozisyon sa a yo ki dekri nan règleman sa a, epi yo dwe bay yo plas avan yo bay elèv non-zoned plas.
  2. Yo ka admèt timoun ki pa nan yon zoned school sèlman dapre dispozisyon ki dekri nan règleman sa a ak dapre jan OSE detèmine l.
  3. Pwogram ki nan sektè/zòn jewografik mande pou enskri timoun ki abite nan zòn (Zoned Program) la epi yo dwe aksepte timoun dapre prensip plas disponib ki fikse nan regleman sa a. Se Borough Office la nan konsiltasyon ak OSE, Office of Space Planning, Office of District Planning, ak Sipèntandan an ki detèmine si gen plas oswa si pa genyen (Gade Seksyon II.J).
  4. Yo pa egzije timoun pou ale nan zoned school pa yo si gen lòt opsyon pou lekòl disponib, dapre kritè elijiblite ak plas ki disponib.

H. Règleman pou lekòl primè, presegondè ak lekòl K-12 ki pa zoned school.

1. Timoun k ap chèche enskri nan yon lekòl ki pa yon zoned school nan klas 1ye-5yèm ane oswa 7yèm-8yèm ane ta dwe ale nan yon FWC nenpòt lè pandan ane a pou mande yon plas.
2. Timoun k ap chèche enskri nan yon lekòl ki pa yon zoned school nan klas kindergarten oswa nan 6yèm ane, apre pwosesis admisyon an fini, ta dwe ale nan yon FWC pou mande yon plas.
3. Lekòl ki pa zoned school yo dwe aksepte elèv yo pandan ane a si gen plas disponib, tankou apre pwosesis admisyon an fini sou baz moun ki rive anpremye se yo k ap jwenn plas anpremye.

I. Règleman sou redefinisyon fwontyè

1. Kèlkeswa lè yo apwouve plan pou chanje limit fwontyè yo, zoned school yon timoun kapab chanje pandan peryòd aplikasyon an pou pwosesis admisyon an. Nan ka sa yo, zoned school timoun lan ta dwe ye a ap zoned school ki te anvigè lè l te enskri a.
2. Timoun yo verifye ki gen **sibling** nan yon zoned school ke yon plan pou chanje limit sektè Konsèy Edikasyon Kominote (Community Education Council, CEC) adopte afekte pral kenbe priyorite pou **sibling** pou lekòl sektè sa a si yo bay priyorite sa a nan plan limit fwontyè yo fèk apwouve a.

J. Règleman sou kantite elèv yo pa ka depase nan yon klas (klas K-8)

1. Yon zoned school gen responsablite sèvi tout timoun ki abite nan sektè l la, depi li gen plas, dapre dispozisyon ki nan règleman sa a.
2. Lekòl sektè pa ka fèmen enskripsyon pou yon klas ni limite kantite elèv nan yon klas pou kenbe oswa pou diminye efektif nan okenn klas.
3. Yo pral ka aplike "règleman sou kantite timoun yo ka mete nan yon sèl klas" lè lekòl la soumèt yon demand epi Borough Office la envestige ak detèmine sa ki nesèsè pou aplike kantite an nan klas sa a pou anpeche anwòlman anplis nan konsiltasyon avèk Office of District Planning, Office of Student Enrollment, ak Sipèentandan an. Si Borough Office lan detèmine li nesèsè pou aplike règleman sou kantite pou klas la, li ap apwouve demand lan epi idantifye lekòl kote yo pral voye lòt elèv zòn sektè lekòl la;.(lekòl k ap pran elèv anplis yo).
4. Nan ka kote Borough Office la te aplike règleman an nan klas yon zoned school jan li ye nan Seksyon II.J.3, timoun lekòl ki abite nan sektè/zòn jewografik sa yo gen dwa ale nan yon lekòl altènatif nan distri rezidans yo.

- a. Timoun sa yo pral gen priyorite pou enskripsyon ak admisyon nan lekòl k ap pran elèv anplis yo devan tout lòt timoun ki pa nan zòn yo.
  - b. Nenpòt timoun yo voye nan yon lekòl k ap pran elèv anplis yo akoz demand apwouve Borough Office lan pou aplike regleman sou kantite elèv klas sa a dwe swa aksepte plas nan lekòl k ap pran elèv anplis la swa jwenn yon lòt lekòl altènatif.
5. Timoun Borough Office lan te apwouve zoned school yo, epi ki gen yon plas nan lekòl k ap pran elèv anplis yo, ka sepandan rete sou lis datant la pou zòn lekòl ki pou elèv ki abite nan zoned school Biwo enskripsyon elèv la te tabli jiska delè an. Pwosedi pi ba yo ap aplike pou timoun sa yo:
- a. Timoun sa yo pral gen priyorite pou tout plas disponib nan pwochen ane lekòl la nan zoned school yo, epi yo pral ofri timoun sa yo plas dapre òd sou lisdatant.
  - b. Timoun sa yo ka refize retounen nan *zoned school* la epi rete nan lekòl ki gen gwo efektif la. Si yo refize, yo pral abandone plas yo sou lisdatant la pou elèv ki abite nan zoned school . Si timoun lan mande pou transfè nan Zoned schools li apre, yo pral bay transfè an sèlman si yo envite tout lòt timoun sou lisdatant yo pou retounen enskri ak si toujou gen plas disponib. Si yon timoun ki refize yon òf pou tounen nan zoned school li a, te elijib pou mwayen transpò nan lekòl ki pa ka pran elèv ankò, li pa p gen dwa sa a ankò sòsi vin gen obligasyon pou genyen mwayen transpò a oswa elèv la vin elijib dapre prensip Biwo pou Transpò Elèv (Office of Pupil Transportation, OPT) fikse.
  - c. Timoun ki nan klas 5yèm ane gen dwa retounen pou dire ane klas 5yèm ane an, si vin gen plas disponib, men dwe patisipe nan pwosesis admisyon lekòl presegondè pou yo ka konsidere yon plas nan lekòl la pou klas 6yèm ane.
  - d. Konsistan avèk Seksyon II.F.1.a, timoun yo elijib pou aplike atravè pwosesis admisyon nan lekòl presegondè yo nan lekòl nan distri kote y ale lekòl la ansanm avèk distri kote zòn lekòl yo ye pou lekòl presegondè.
6. Se premye obligasyon yon *zoned school* pou sèvi timoun ki abite nan sektè I. Si yon zoned school pa kapab resevwa tout timoun ki nan sektè I, epi yo apwouve li pou yon plan ki fikse kantite elèv li, yo ka diminye oswa elimine pwogram ki pa obligatwa nan lekòl la.

#### K. Regleman pou antre nan yon lekòl

1. Regleman yo nan seksyon sa a aplike nan tout lekòl ki gen ladan, men pa limite avèk, pwogram pou Elèv ki gen don ak lekòl segondè espesyalize, lekòl transfè,



ak lekòl pou moun ki fenk vini, elèv k ap aprann angle, ak moun k ap aprann nan plizyè lang.

2. Dapre Seksyon VII.B ak VII.C, elèv ki nan lojman tanporè ak elèv nan foster care ki abite andeyò Vil Nouyòk akoz yo nan sitiyaasyon parèy gen dwa pou rete nan lekòl yo te ye avan ak antre nan zoned school la oswa, si pa gen zoned school, yon lekòl apwopriye, si li nan pi bon enterè timoun lan.
3. Gen plizyè pwèn antre nan lekòl leta Vil Nouyòk kote yo fasilite pwosesis admisyon nan lekòl primè, presegondè ak segondè, toulede pou Distri 1-32 ak Distri 75. Gen yon pwèn antre pou chak nivo klas. Paegzanp, nan yon lekòl ki gen klas K-5yèm ane, pwèn antre a se ta kindergarten. Lè yon timoun ale nan yon lòt nivo klas, yo rele sa "atikalasyon."

4. Atikalasyon nan Distri 1-32, K-8 ak lekòl 6-12 yo

Yon lekòl ki gen klas K-8yèm ane oswa 6yèm-12yèm ane dwe ka admèt elèv nan plizyè klas. Kidonk, lè yo admèt yon timoun nan yon lekòl ki gen klas K-8yèm ane oswa 6yèm-12yèm ane, timoun sa a gen dwa ak priyorite pou admisyon nan pi gwo klas yo. Timoun sa yo ka, anmenm tan, aplike nan nenpòt lòt lekòl oswa pwogram kote yo elijib. Timoun yo gen priyorite pou ale nan lekòl kindergarten rive 8yèm ane pou klas 6yèm ane si yo poko gen yon plas deja.

5. Atikalasyon nan Distri lekòl Presegondè 1-32

Timoun yo te mete nan yon lekòl apre pwosesis admisyon nan lekòl presegondè an ak ansuit yo te retire nan distri lekòl Nouyòk la gen dwa pou anwole nan lekòl kote yo te mete yo an nan nenpòt moman pandan ane lekòl la depi yo retounen pou enskri nan lekòl sa a, yo rete nan Vil Nouyòk epi yo pa fini ane akademik la nan yon lòt lekòl.

6. Atikalasyon nan Distri lekòl segondè 1-32

- a. Yo bay timoun ki soti nan klas 8yèm ane pou ale nan lekòl segondè swa priyorite pou admisyon swa garanti pou yon plas nan lekòl segondè ki nan sektè yo abite a, jan yo endike l nan anyè lekòl segondè pou sik admisyon sa a, si yo aplike nan lekòl sa a nan pwosesis admisyon lekòl segondè a.
- b. Timoun yo te mete nan yon lekòl apre pwosesis admisyon nan lekòl segondè an ak ansuit yo te retire nan distri lekòl Nouyòk la gen dwa pou anwole nan lekòl kote yo te mete yo an nan nenpòt moman pandan ane lekòl la depi yo retounen pou enskri nan lekòl sa a, yo rete nan Vil Nouyòk epi yo pa fini ane akademik la nan yon lòt lekòl. Sa a gen ladan tou timoun ki soti nan prizon.

7. Timoun k ap retounen nan distri lekòl Vil Nouyòk apre yo fini ane akademik la nan yon lòt lekòl ki pa nan Nouyòk dwe ale nan yon Sant Byenveni pou Fanmi oswa pou timoun yo rekòmande pou yon pwogram Distri 75, Distri 75 biwo enskripsyon, pou jwenn yon plas nan pwochen ane lekòl la. Timoun sa yo pa gen garanti y ap gen dwa pou yo tounen nan lekòl kote yo te voye yo avan yo te kite distri lekòl Vil Nouyòk la, menm si yo ka toujou konsidere lekòl yo te voye yo avan an. Biwo enskripsyon elèv (Office of Student Enrollment, OSE) pral gen mo final la pou deside kote y ap voye timoun lan nan lekòl distri 1-32, ak Distri 75 biwo enskripsyon pral gen mo final la konsènan timoun ki anwole nan pwogram Distri 75.

### III. READMISYON

Lè yon timoun retounen nan distri lekòl Vil Nouyòk, li ka vizite yon sant byenveni pou fanmi (Family Welcome Center, FWC), oswa pou pwogram Distri 75, li ka kontakte biwo plasman (Placement Office) distri 75, pou diskite opsyon lekòl ki disponib yo.

Yon timoun k ap retounen nan distri lekòl Vil Nouyòk gen dwa, men se pa yon obligasyon, pou li retounen nan lekòl DOE li te ye avan li te ale a, nan dènnye klas li ye lè li te ale a . Tout plasman sa yo posib si gen plas disponib nan lekòl DOE a.

Biwo enskripsyon elèv (Office of Student Enrollment, OSE) an konsiltasyon avèk timoun lan, paran an ak moun pou kontakte nan Borough Office lan, ka detèmine lekòl timoun lan te ye avan pa apwopriye epi ka idantifye yon lòt plasman; menmjan an, pou timoun ki nan pwogram Distri 75, Biwo plasman Distri 75 ka pale ak timoun lan paran an, detèmine lekòl avan an pa apwopriye, epi ka idantifye yon lòt plas.

Pou nenpòt kesyon konsènan dwa yon timoun pou retounen, Biwo enskripsyon elèv (Office of Student Enrollment, OSE), oswa pwogram Placement Officedistri 75 pral pran desizyon final la.

#### A. Timoun lekòl primè ak/oswa presegondè

1. Yon timoun gen dwa retounen nan lekòl li te ye avan an, kit se yon zoned school ki se pa yon zoned school, si gen plas disponib.
2. Si timoun lan retounen nan zoned school li a, epi pa gen plas ankò pou nivo klas li a, y ap voye timoun lan nan yon lòt lekòl k ap pran elèv anplis dapre Seksyon II.I.
3. Timoun k ap retounen nan distri lekòl Vil Nouyòk ka ale dirèkteman nan zoned school yo, si genyen ak si gen pls disponib, oswa ale nan yon sant byenveni pou fanmi(Family Welcome Center, FWC) pou lòt opsyon, tankou ale nan lekòl ki pa zoned school.

#### B. Elèv ki nan pwogram pou elèv ki gen don ak talan (Gifted & Talented,G&T)

1. Pwogram distri

- a. Timoun ki retounen nan menm distri kote yo te rete a kapab tounen nan menm pwogram pou elèv ki gen don ak talan (Gifted & Talented, GT) a depi gen plas disponib.
  - b. Timoun yo ka mande plas nan yon diferan pwogram pou Elèv G&T distri nan distri koye yo rete si pa gen plas disponib nan pwogram elèv G&T avan an.
  - c. Timoun k ap retounen nan yon lòt distri pou yon pwogram GT distri nan nouvo distri kote elèv la vin rete a, si gen plas disponib.
2. Pwogram ki pou Tout Vil la
    - a. Timoun k ap retounen nan distri lekòl Vil Nouyòk kapab tounen nan menm pwogram G&T Vil la depi gen plas disponib.
    - b. Si pa gen plas disponib nan pwogram G&T kote timoun lan te ye avan an, timoun lan ka mande plas pou yon lòt pwogram G&T.
- C. Timoun Lekòl Segondè
1. Yon timoun ki te kite distri lekòl Vil Nouyòk la gen dwa tounen nan lekòl li te ye avan (tankou lekòl segondè espesyalize yo, lekòl transfè yo ak lekòl pou elèv ki fèk antre nan peyi a ak elèv k ap aprann anglè (English Language Learners, ELL) ak elèv k ap aprann nan plizyè lang (Multilingual Learner, MLL). Yon timoun ki te mete deyò lekòl ki pa te gen yon diplòm ka tounen lekòl jiska fen ane lekòl li vin gen 21 ane.
  2. Timoun k ap retounen nan distri lekòl Vil Nouyòk la y ap voye yo nan Sant Byenveni pou Fanmi (FWC), oswa pou timoun yo rekòmande pou Pwogram Distri 75, y ap voye yo nan biwo plasman Distri 75, pou jwenn yon plas admisyon.
- D. Timoun k ap retounen soti nan prizon sou lòd tribinal, nan yon enstitisyon sou kontwòl leta oswa nan pwogram pou tretman
1. Timoun ki te nan yon lekòl DOE nan moman l ap kite prizon sou lòd tribinal, nan enstitisyon sou kontwòl leta oswa nan pwogram tretman gen dwa pou retounen nan lekòl kote li te ye a.
  2. Gen kèk nan timoun sa yo ki ka benefisye si yo ale nan yon lòt lekòl lè yo retounen nan distri lekòl Vil Nouyòk. Biwo enskripsyon elèv, oswa pou timoun yo rekòmande pou pwogram Distri 75 yo, biwo plasman distri 75, ka konsilte avèk reprezantan Borough Office lan oswa Distri 79, kèlkeswa sa k apwopriye a, pou detèmine si pou enskri oswa bay yon timoun referans nan yon diferan lekòl ki gen plas disponib.

#### IV. TRANSFÈ

Yo oblije estaf lekòl yo pou rankontre ak fanmi yo pou evalye demann transfè epi pou bay tout dokiman ki pou sipòte desizyon an lè yo apwouve yon transfè.

- A. Biwo Enskripsyon Elèv dwe apwouve tout demann pou transfè eksepte:
1. Transfè yon timoun mande ak transfè envolontè apre sispansyon Sipèentandan an, ke Direktè sispansyon Borough a jere dapre CR A-450 pou youn ak A-443 pou lòt la respektivman; sonje dapre Règleman Chanselye a CR A-450, timoun ki gen IEP pa ka jwenn transfè envolontè;
  2. Transfè timoun k ap chèche ale nan *zoned schools* yo (lè gen plas), kote direktè a dwe pran timoun lan;
  3. Transfè Divizyon elèv k ap aprann langlè (English Language Learners, ELLs) Divizyon elèv k ap aprann nan plizyè lang (Division of Multilingual Learners DML), Direktè biwo Borough MLL, ak sipèentandan an otorize nan yon lekòl ki gen yon pwogram an de lang (Dual Language, DL) oswa yon pwogram edikasyon bileng pou tranzisyon (Transitional Bilingual Education, TBE), ke fanmi fanmi yo ka kòmanse swa nan lekòl aktyèl yo swa nan FWC a( DML, Borough Office, ak Sipèentandan an dwe toujou apwouve l, kèlkeswa fason yo voye l);
  4. Transfè timoun akòz bezwen pou yon nouvo pwogram espesyalize, tankou pwogram edikasyon espesyal bileng, pwogram espesyalize pou timoun ki gen *Otis Autism Spectrum Disorder* (ASD), oswa yon pwogram pou timoun ki gen yon andikap pou aprann;
  5. Transfè ke Biwo Edikasyon espesyal otorize poutèt yo pwouve ke lekòl timoun lan ye a pa kapab ofri pwogram Edikasyon espesyal apwopriye a, jan yo rekòmande l nan IEP li;
  6. Transfè elèv apre yon Lòd yon Odyans sanpatipri (Impartial Hearing Order; ak
  7. Transfè nan Distri 75 ak Distri 79.
- B. Yo konsidere yon problèm patikilye jan yo dekri l pi ba a depi yo prezante tout dokiman yo egzijè yo nan Sant Byenveni pou Fanmi (Family Welcome Centers, FWC) pou timoun ki anwole nan distri lekòl 1-32; oswa Distri 75; Distri 75 biwo plasman, pou timoun k anwole nan pwogram Distri 75 yo. Nan tout ka, OSE oswa Distri 75 biwo plasman pral swa refize demann transfè a swa apwouve l, epi l ap deside nan ki lekòl l ap transfere timoun lan.
1. Transfè Timoun Gifted & Talented dapre Chanjman nan Distri kote Timoun yo abite (timoun nan klas Kindergarten pou rive nan Klas 5yèm ane sèlman): Yon paran ki gen timoun nan yon pwogram Gifted & Talented distri ki demenaje ka mande yon transfè pou pitit li si li ale nan yon lòt distri, pou yon pwogram Gifted & Talented distri ki nan nouvo distri li abite a.
  2. Transfè pou pwoblèm gadri (timoun ki nan klas kindergarten-5yèm ane sèlman): Yon paran ka mande yon transfè pou pitit li poutèt yon pwoblèm distans ant lekòl la ak travay li ak/oswa distans gadri ak lekòl la. Paran an dwe bay dokiman patwon li bay li ak/oswa sant gadri a ba li pou pwouve pwoblèm gadri a.

3. Transfè dapre priyorite pou **sibling** (Timoun ki nan klas kindergarten-5yèm ane sèlman): Yon paran ka mande yon transfè pou sibling lè yo verifye timoun yo se sibling jan nan seksyon II.A.1 ale nan diferan lekòl.
4. Transfè pou rezon medikal/ Akomodasyon rezonab: Yon paran ka mande pou transfere pitit li pou ka reponn nesosite pou akomode elèv la yon fason rezonab pou andikap li, sa ki ka genyen pa egzans, yon kondisyon medikal oswa yon andikap ki anpeche elèv la gen aksè nan lekòl la. Yon paran kapab mande tou yon transfè pou yon timoun lè paran an gen yon andikap ki anpeche paran an gen aksè nan lekòl la. Paran an dwe bay dokiman ki gen siyati yon pwofesyonèl swen sante oswa reyabilitasyon sou yon papye ki gen antèt klinik lan kote li presize pwoblèm medikal ki fè li mande akomodasyon an, ak rezon ki fè li rekòmande transfè a. OSE kapab antre an kominikasyon avèk Biwo sante lekòl/Depatman sante ak ijyèn mantal Vil nouyòk pou yo pran desizyon sou transfè a. Avèk konsantman paran an, manm estaf apwopriye a kapab kontakte ajan sante a pou jwenn plis enfòmasyon. Pou timoun ki anwole nan pwogram Distri 75 yo, Distri 75 Biwo Plasman pral transfere timoun yo nan yon lekòl apwopriye ki itilize dokiman disponib ak tout papye anplis ke IEP, fanmi ak founisè medikal ofri.
5. Transfè pou rezon sekirite: Yo dekri pwosedi pou apwouve transfè pou rezon sekirite nan CR A-449. Yo ka apwouve transfè pou rezon sekirite nan sikonstans sa yo : (a) lè timoun yo se viktim yon zak kriminel vyolan nan lekòl la dapre lwa Tout timoun ka reyisi (Every Student Succeeds Act, ESSA) oswa (b) nan sitiyasyon ( tankou plent pou arasman, entimidasyon ak *bullying*) kote yo jije prezans kontinyèl yon timoun nan lekòl la reprezante yon danje pou timoun lan. Se Direktè Borough a k ap fè aranjman pou demand transfè ESSA a.

Konsènan transfè pou rezon sekirite ki pa ESSA, se Direktè egzekitif FWC a k ap decide si se pou yo apwouve l, oswa pou timoun ki anwole nan pwogram Distri 75, Biwo Distri 75, nan espas yon semèn apre l fin resevwa dokiman lobligatwa yo nan men direktè lekòl la/reprezantan lan. Men pwosedi yo :

- a. Ou ka fè demand pou transfè akòz rezon sekirite a nan de fason:
  - i. Fanmi yo ka soumèt yon demand transfè pou rezon sekirite nan lekòl timoun yo ye kounye a, lekòl sa a ap remèt demann Transfè an nan Sant Byenveni pou Fanmi (Family Welcome Centers, FWC), pou timoun ki anwole nan pwogram Distri 75 yo, lekòl la ta dwe soumèt demann sa a nan Biwo Distri 75.
  - ii. Fanmi yo ka mande yon transfè pou rezon sekirite si yo ale nan Sant Byenveni pou Fanmi an epi bay dokiman, tankou yon deklarasyon ekri timoun lan oswa paran an ekri oswa lòt dokiman

ki pou kore demand transfè a. Fanmi timoun yo anwole nan pwogram Distri 75 ta dwe soumèt dokiman nan Biwo Distri 75.

- b. Pou yo konsidere yon transfè pou rezon sekirite, yon lekòl dwe voye dokiman sa yo bay Sant Byenveni pou Fanmi (Family Welcome Centers, FWC), oswa pou timoun ki anwole nan pwogram Distri 75, Biwo Distri 75:
  - i. Fòm ki gen enfòmasyon sou transfè pou rezon sekirite;
  - ii. Rezime Fòm investigasyon transfè pou rezon sekirite; ak
  - iii. Rapò sou ensidan ki rive nan lekòl la *School Occurrence Report* (SOR) oswa lòt dokiman lekòl la;

Si fanmi an soumèt yon rapò polis, nimewo Docket oswa dokiman tribinal nan lekòl la, ansuit lekòl la ta dwe voye dokiman sa a tou. Sepandan, yo **pa** mande pou pwosede oswa apwouve yon transfè pou rezon sekirite.

- c. Si dokiman yo pa byen dekri pwoblèm sekirite a oswa si yo bezwen plis enfòmasyon, Sansè a, Asistan direktè pou sekirite a, oswa direktè lekòl la dwe bay OSE plis enfòmasyon oswa pou timoun k anwole nan pwogram Distri 75, Biwo distri 75.
- d. Selon tip materyèl transfè pou rezon sekirite a, Direktè egzekitif FWC a oswa Direktè a kapab kominike avèk Direktè Field Support Center pou sèvis elèv ak direktè sekirite Borough a ki sèvi kòm reprezantan CEO pou Biwo lekòl ak devlopman jèn( Office of School and Youth Development, (OSYD).
- e. Yo detèmine transfere timoun lan pral rezoud pwoblèm sekirite (kèlkeswa kote ensidan an te rive a), Direktè egzekitif Sant Byenveni pou Fanmi (Family Welcome Centers, FWC) an oswa Direktè biwo Distri 75 la pral apwouve transfè pou rezon sekirite a ak bay yon nouvo plas pou timoun lan. Kèlkeswa ka a, pwosesis la ak rezilta a pa ta sipoze pran plis pase 5 jou ouvrab.
- f. Si timoun lan oswa fanmi an mande yon transfè pou rezon sekirite pou ensidan ki te rive nan vwazinaj la men pa nan lakou lekòl la oswa kote lekòl la pa gen rapò sou sa ki pase a, men fanmi an kwè prezans toutan timoun lan nan lekòl la mete li an danje, Direktè egzekitif Sant Byenveni pou Fanmi (Family Welcome Centers, FWC) oswa Direktè oswa Biwo Distri 75 ka travay avèk fanmi pou soumèt yon diferan tip demann transfè, tankou yon Gid Transfè (gade Seksyon IV.B.9) oswa Lòt Transfè (gade Seksyon IV.C) ak ranje transfè a. Sitiyasyon sa a ka gen ladan deklarasyon ensidan vyolans oswa arasman kote lekòl la pa gen dosye.

#### 6. Transfè pou rezon Espò (timoun lekòl segondè sèlman)

- a. Anjeneral, pa gen transfè pou rezon espò.
  - b. Yon elèv atlèt ki sou lis ofisyèl Lig atletik lekòl leta (Public School Athletic League, PSAL) pou yon espò an patikilye ki nan yon lekòl y ap fèmen ofiyamezi epi yo elimine espò sa a nan bilding lekòl la, kapab aplike pou yon transfè nan yon lòt lekòl. Yon elèv atlèt ki sou lis ofisyèl PSAL onivo yon espò anpatikilye ki nan yon lekl kote ekip la pa egziste ankò ka aplike tou pou yon transfè nan yon lòt lekòl. Nan ka sa yo, OSE ap chèche yon lekòl ki gen plas disponib ki gen yon ekip PSAL pou espò sa a epi l ap fè yon plasman apwopriye pou satisfè bezwen akademik ak atletik elèv atlèt la;
  - c. Yon elèv atlèt ki sou lis ofisyèl PSAL nan yon espò patikilye ki aplike pou yon transfè dapre pwogram Chwa lekòl leta *Public School Choice* sèlman pou transfere nan yon lekòl ki sou aplikasyon Public School Choice timoun lan.
  - d. Nan ka yo dekri nan sou-paragraf (b) ak (c) pi wo a, yo pa garanti yon elèv atlèt yon plas nan ekip ofisyèl PSAL pou espò li jwe a nan nouvo lekòl la epi li dwe eseye pou ekip la;
  - e. Se PSAL Student *Athlete Rules and Regulations* ki jere tout règleman sou atletik nan lekòl segondè (li disponib nan [www.psal.org](http://www.psal.org)).
7. Transfè pou pwoblèm trajè (timoun lekòl segondè sèlman)
- a. Yon moun nan fanmi elèv la dwe prezante dokiman pou pwouve adrès li pou mande yon transfè pou pwoblèm trajè;
  - b. Pou yo konsidere yon transfè pou pwoblèm trajè, trajè ant lakay ak lekòl la dwe 75 minit oswa plis oswa si pa gen transpò piblik (sa vle di si elèv la gen pou chanje otobis oswa tren plis pase twa fwa).
8. Transfè oryantasyon
- a. Yon paran oswa yon timoun ki se minè emansipe ka mande Transfè pou mank rannman sèlman si li gen laj 18 lane oswa plis, oswa si li se yon jèn k ap viv poukont li jan sa defini nan Seksyon VII.A. Tout lòt endividi ki mande yon transfè oryantasyon pou yon timoun dwe bay konsantman rapid alekri paran an, minè emansipe, jèn k ap viv poukont li, oswa elèv ki gen laj 18 lane oswa plis pou endividi sa yo pou chèche transfè sa a. Yo dwe bay konsantman alekri sa a bay Sant Byenveni pou Fanmi (Family Welcome Centers, FWC) oswa Biwo Plasman Distri 75 ki pral kontakte paran an, minè emansipe an, jèn k ap viv poukont li oswa elèv ki gen laj 18 lane oswa plis pou konfime konsantman an.
  - b. Yon paran oswa yon timoun ki se yon minè emansipe, ki gen laj 18 lane oswa plis, oswa yon jèn k ap viv poukont li ka mande yon transfè

oryantasyon si timoun lan pa pwogrese oswa gen siksè akademik oswa sosyal epi yon plasman altènatif ta dwe adrese enkyetid sa a.

- c. Suivan nati rezon pou demann transfè oryantasyon an, Biwo enskripsyon elèv (Office of Student Enrollment, OSE) oswa Biwo plasman Distri 75 ka konsilte sipèntandan an, Direktè Biwo Borough Sèvis Elèv oswa Direktè Oryantasyon ak Klima, Direktè Sekirite onivo Borough a, Direktè sante onivo Borough a, oswa lòt ekspè nan matyè a ki ka bay yon apèsi ak kontèks pou motif demann lan.
  - d. Lè yo baze demann transfè sou pèfòmans akademik oswa pwoblèm prezans kwonik, Biwo enskripsyon elèv (Office of Student Enrollment, OSE) oswa Biwo plasman Distri 75 la ka mande apwobasyon nan men sipèntandan an. Biwo enskripsyon elèv, Biwo plasman Distri 75 ak/oswa Sipèntandan an ka kontakte direktè lekòl la pou jwenn prèv oswa dokiman osijè transfè a.
  - e. Y ap itilize pwosesis transfè pou mank rannman sa a sèlman lè se **paran ki fè yon demand** transfè volontè. Si yon **direktè lekòl** ap chèche transfere yon timoun paske li pa adapte li nan lekòl la, y ap aplike pwosedi ki nan Règleman Chanselye A-450 osijè transfè envolontè epi direktè lekòl la dwe suiv pwosesis ki ladan yo.
  - f. Si yon timoun mande yon transfè akòz vyolans oswa arasman, men ni fanmi ni lekòl la pa ka bay dokiman yo mande a pou yon transfè pou rezon sekirite, oswa ensidan deklare yo pa te rive nan lakou lekòl la, Biwo enskripsyon elèv (Office of Student Enrollment, OSE) oswa Biwo Plasman Distri 75 ka bay transfè an tankou yon transfè oryantasyon oswa Lòt transfer si apwopriye.
- C. Lòt Transfè: Biwo enskripsyon elèv (Office of Student Enrollment, OSE), oswa timoun yo rekòmande pou pwogram Distri 75, Biwo plasman Distri 75 ka konsidere lòt transfè tankou sa ki pa fèt akòz pwoblèm yo verifye, sou yon baz ka pa ka. Nan tout ka, OSE, oswa biwo plasman Distri 75 pral swa refize demann transfè a swa apwouve l, epi l ap deside nan ki lekòl l ap transfere elèv la epi li pral detèmine lekòl kote timoun lan pral transfere. Yo pa garanti okenn plasman nan lekòl anpatikilye; Yo bay plas nan nouvo dapre plas ki disponib ak kritè elijiblite, si se ka a.

#### V. REGLEMAN ADMISYON AK ENSKRIPSYON pou elèv ki gen andikap

Tout règleman konsènan admisyon ak enskripsyon pou timoun ki pa gen andikap ansanm ak timoun ki gen andikap tankou règleman konsènan patisipasyon nan pwosesis admisyon, readmisyon ak enskripsyon.

- A. Yo pral transfere ak plase timoun ki gen IEP dapre règleman sa yo:



1. Lè gen yon chanjman nan pwogram nan IEP elèv, yo atann pou elèv SWD yo rete epi yo gen dwa pou rete nan distri lekòl 1-32 kote yo ye a sòfsi chanjman sa yo egzije pou yo bay yo yon plas nan Distri 75 oswa nan yon lekòl prive.
2. Lè gen yon chanjman nan rekòmandasyon pwogram IEP nan plasman Distri 75 nan yon plasman Distri 1-32, biwo plasman Distri 75 pral mande yon plasman nan lekòl distri 1-32 nan men Biwo enskripsyon elèv la ak bay plas la pou timoun lan.
3. Pwogram espesyalize ak Sèvis nan lekòl distri 1-32
  - a. Pou pwogram ak sèvis espesyalize, tankou sa k pou timoun ki gen twoub Otis (Autism Spectrum Disorder ,ASD), timoun ki gen andikap entelektyèl (ACES), timoun yo rekòmande pou Edikasyon espesyal bileng (Bilingual Special Education, BSE), ak timoun ki gen sèvis Distri 75, Sèvis yo ofri ki gen edikasyon espesyal, timoun lan gen dwa pou rete nan lekòl li ye kounye a jiskaske DOE idantifye yon nouvo plas nan pwogram sa a. Lè sa a, y ap transfere timoun lan.
  - b. Si nenpòt lè, jiska dènye klas lekòl, IEP timoun lan pa gen ladan l nesesite pou yon pwogram espesyalize, timoun lan sipoze epi gen dwa rete lekòl la jis nan dènye klas la. Timoun gen dwa pou transfere nan zoned school, lè gen plas.
- B. Timoun ki gen yon IEP ki nouvo oswa k ap retounen nan distri lekòl Vil Nouyòk ta dwe swiv regleman sou enskripsyon ak readmisyon ki dekri nan regleman sa a. Pwosedi anplis sa yo aplike pou timoun ki gen IEP ki soti nan lòt eta:
  1. Komite pou edikasyon espesyal (Committee on Special Education, CSE) la oswa lekòl ki pral devlope yon plan sèvis ki konparab (Comparable Services Plan,CSP) pou ofri timoun lan sèvis ki konparab ak sèvis yo dekri nan IEP ki pa IEP DOE a.
  2. Lekòl la pral aplike CSP a imedyatman. Nan lesplas 30 jou, lekòl elèv la oswa CSE a dwe kreye yon nouvo IEP oswa lè sa apwopriye, CSE a.
- C. Elèv ki bezwen aksè pou chèz woulant:
 

Nan pwosesis admisyon an nan kindergarten, Lekòl Presegondè, ak Lekòl Segondè, yo pral bay timoun ki gen bezwen pou chèz woulant premye priyorite pou admisyon nan lekòl DOE idantifye kòm satisfè aksè pou chèz woulant. Pou evalyasyon pwogram lekòl segondè ak presegondè, timoun yo dwe satisfè kritè admisyon yo.

## **VI. DETÈMINASYON AK FASON POU VERIFYE ADRÈS**

- A. Yon timoun ka gen sèlman yon sèl adrès pou li enskri, anwole ak admisyon.
- B. Yo detèmine adrès yon timoun fason sa yo:
  1. Yo detèmine adrès dapre prezans yon moun kòm yon moun kòm yon moun ki abite e ki gen entansyon rete nan limit jwografik yo endike pou yon distri lekòl.

2. Adrès yon timoun pou rezon lekòl depann de swen, moun ki gen responsablite ak kontwòl elèv la.
  3. Pou timoun ki gen paran ki pa p viv ansanm, yo sipoze adrès elèv la se adrès paran ki gen responsablite pou pran swen l lan. Si tribinal bay toude paran yo responsablite pou gade elèv lan, adrès elèv la se adrès paran ki gen premye responsablite pou l viv avèk li.
  4. Si yon paran gen plis pase yon adrès nan Vil Nouyòk, lè sa a adrès y ap itilize pou rezon enskripsyon nan lekòl la se adrès kote timoun lan ap viv.
- C. Yo dwe bay prèv adrès lè y ap enskri yon timoun lekòl. Yon bòdwo telefòn, fakti kat kredi ni kat asirans sante pa akseptab kòm prèv adrès. Ou dwe pwouve adrès avèk nenpòt nan de dokiman sa yo, epi fòk chak genyen adrès kay la sou li.
1. Yo ka verifye adrès kote ou rete avèk nenpòt **de** nan dokiman sa yo:
    - a. Yon kontra lwaye, papye kay, oswa papye *mortgage* kay ou abite a;
    - b. Yon bòdwo sèvis piblik pou kay (gaz oswa elektrisite) ke yon konpayi (tankou National Grid, Con Edison) voye; dat ki sou bòdwo a pa dwe plis pase 60 jou avan dat w ap remèt li a;
    - c. yon bòdwo sèvis kab televizyon pou kay kote ou rete a; li dwe gen non paran an ak adrès kay la sou li epi dat ki sou li a pa dwe plis pase 60 jou avan dat w ap soumèt li a
    - d. Dokiman oswa lèt ak antèt ki soti nan yon biwo lokal, yon biwo leta, oswa yon biwo federal, ladan the Internal Revenue Service (IRS), City Housing Authority, Federal Office of Refugee Resettlement, Human Resources Administration (HRA), Administration for Children's Services (ACS), oswa yon ajans k ap travay pou ACS ki gen non ak adrès moun nan ladan; dat ki sou yo a pa dwe plis pase 60 jou;
    - e. yon bòdwo taks kay ki resan pou kote ou abite a;
    - f. yon bòdwo dlo pou kay ou rete a; li dwe gen dat ki pa depase 90 jou avan dat ou soumèt yo
    - g. resi lwaye ki gen adrès kay la, li dwe gen dat ki pa plis pase 60 jou avan dat w ap soumèt li a.
    - h. Kat idantite ke Vil la, Eta a, oswa lòt gouvènman ba w (paegzanp kat IDNYC), ki poko ekspire epi ki gen adrès kote w rete a sou li;
    - i. Fòm enpo sou revni (Income tax) pou ane avan an;
    - j. lisans oswa Pèmi kondui ofisyèl ki poko ekspire;
    - k. Yon dokiman ofisyèl pewòl moun oswa konpayi ki anplwaye w la ki gen dat ki pa plis pase 60 jou avan dat w ap remèt li a paegzanp yon souch

chèk ki gen adrès kay ou, yon fòm ou soumèt pou taks y ap pran sou ou oswa yon resi pewòl (yon lèt travay ou sou papye antèt konpayi a pa sifi) ; li dwe gen adrès kay ou rete a sou li epi dat ki sou li a pa dwe plis pase 60 jou avan dat w ap remèt li a

- l. dokiman ki montre ou enskri w pou vote, ki genyen non paran an ak adrès kay kote li rete a
- m. dokiman afilyasyon nan yon asosyasyon dapre kote ou rete a ki pa ekspire (egzanp, asosyasyon moun nan katye), ki gen non paran an ak adrès kay li abite a sou li.
- n. prèw ke se ou ki responsab legal timoun lan, paegzanp papye tribinal la ki ba w responsablite timoun lan oswa papye ki rekonèt ou kòm responsab legal timoun lan ak lòt dokiman; dokiman yo pa dwe date plis pase 60 jou nan moman w ap prezante yo epi yo dwe gen non timoun lan ak adrès li abite.

Okenn nan dokiman ki nan lis pi wo a pa sifi poukont li. Ou oblije genyen de prèw pou adrès ou, eksepte nan lè gen yon [Third-Party Affidavit](#) se youn nan de dokiman, epi nan ka sa a, ou oblije gen 3 prèw adrès (jan yo eksplike nan paragaf 2 pi ba a). Si yon paran soulwe yon apatman oswa yon kay, oswa si gen plis pase yon fanmi k ap viv yon kote epi se non yon sèl fanmi ki gen non l kòm lokatè oswa mèt kay la, yo ka demontre prèw adrès la avèk yon deklarasyon “Address Affidavit” notarye ke ni moun ki gen non l kòm lokatè oswa mèt kay la ak ni paran an siyen pou konfime ke fanmi an abite nan apatman oswa nan kay sa a, ansanm avèk de lòt dokiman pou verifye adrès kay fanmi an. Li pi bon pou yo notarye siyati ki nan yon Deklarasyon prèw adrès kay elèv la, men lè pa gen siyati yon notè, yo ka aksepte deklarasyon an ansanm avèk lòt dokiman ki pwouve non premye moun ki lwe kay la ak apatman oswa kay paran an abite. Si paran an pa ka jwenn tip Deklarasyon notarye sa a, li kapab soumèt yon deklarasyon alekri yon lòt moun ekri ki apwouve paran an rete nan yon adrès patikilye (“[Deklarasyon twazyèm pati](#)” ansanm avèk de lòt dokiman ki nan lis Seksyon VII.A.1, pi wo a, ki verifye ke fanmi an abite nan adrès sa a. Yo pa mande Elèv ki nan lojman tanporè, tankou sa yo mete nan chanm avèk 2, ak elèv ki nan foster care pou bay affidavit sa yo pou yo enskri ak anwole.

2. Si gen yon kesyon konsènan validite prèw sou adrès kay la oswa si paran an pa ka bay dokiman apwopriye, OSE oswa lekòl la, depann sitiyoasyon an, ap enskri timoun lan tanporèman. Y ap bay paran an yon [Avi enskripsyon tanporè](#) kote yo endike yo admèt timoun lan nan lekòl lasou baz tanporè annatandan yo gen rezilta sou investigasyon adrès la. Lekòl kote timoun lan enskri a responsab pou kòmanse yon investigasyon pou verifye adrès elèv la dapre pwosedi pi ba a konsènan “Fo dokiman ak investigasyon sou adrès *Falsification and Investigation of Residency*”. Yo pa ka refize pran timoun lan nan yon lekòl epi li

gen dwa enskri ak ale nan klas pandan y ap fè investigasyon an. Pou timoun ki nan lojman tanporè, investigasyon sa a ak dokiman obligatwa pou prèv adrès la konfòm ak lwa McKinney-Vento.

3. Pou elèv ki nan lojman tanporè, tankou sa yo mete a de nan chanm, ak elèv ki nan foster care, yo pa mande lokatè prensipal la pou soumèt deklarasyon notarye sou kote li ablite (Affidavit of Residency).

D. Fo adrès ak investigasyon sou fo adrès

Si gen yon kesyon sou adrès yon timoun oswa si yo sispèk yo te bay fo adrès pou enskri timoun lan, lekòl la dwe kòmanse yon investigasyon pou verifye adrès nan 30 jou apre yo fin dekouvri pwoblèm lan.

1. Si yo detèmine timoun lan abite nan yon adrès ki fè l pa elijib pou ale nan lekòl la, direktè a dwe bay manm estaf ki anchaj dosye sa yo nan Biwo Borough a rezilta investigasyon an. Manm estaf pou kontakte pou sa Biwo Borough a ap evalye rezilta yo, epi si l panse l apwopriye, pral rekòmande Direktè *Borough Sèvis pou elèv* oswa reprezantan . Anplis, manm estaf Biwo Borough a pral detèmine adrès reyèl kote timoun lan abite. Direktè Biwo Borough a Sèvis pou elèv, oswa reprezantan l, dwe evalye dokiman investigasyon an, epi deside si yo ase pou apwouve yon transfè. Direktè Borough Office la Sèvis pou elèv oswa reprezantan l, dwe apresya enfòmè Direktè egzekitif FWC a sou apwobasyon pou transfere timoun lan.
2. Si yo oblije transfere timoun lan, direktè lekòl la dwe avize paran an alekri pou fè l konnen:
  - a. rezilta investigasyon an;
  - b. timoun lan pa gen dwa ale nan lekòl li ye a, epi y ap transfere l nan lekòl apwopriye a;
  - c. non, nimewo ak adrès nouvo lekòl kote timoun lan elijib la, ak dat transfè yo pral mete timoun lan sou lis la; epi
  - d. dwa paran an genyen pou ale ann apèl ak rezilta investigasyon an ke yo te voye ba Direktè Biwo Borough a oswa reprezantan l ki sipòte lekòl la, nan espas senk jou apre yo voye lèt avi a.
3. Y ap transfere timoun lan ann atandan desizyon sou apèl la sofsi Direktè Borough Office Sèvis pou elèv la, oswa reprezantan l, ansanm ak direktè lekòl la ak Direktè egzekitif FWC, deside ke sa pa apwopriye. Yo dwe bay rezilta sou apèl la nan espas dis jou lekòl.
4. Pou detèmine yon lekòl kote yo pral fè transfè apwopriye timoun lan, y ap egzije paran an soumèt yon prèv adrès yo ka verifye.
  - a. Si nan pwosesis investigasyon sou adrès la yo verifye vrè zoned school timoun lan, direktè lekòl kote elèv la ye kounye a oswa direktè kote yo

ofri elèv la plas la ap voye fanmi an nan zoned school la, ke y ap mete nan avi alekri yo voye ba li a (gade paragaf D.2 ki pi wo a).

- b. Si timoun lan pa gen yon zoned school oswa si li elijib pou l ale nan lekòl segondè, Direktè Egzekitif FWC a ap deside sou nouvo lekòl la. Pou transfè nan yon lekòl nan yon lòt Borough, Direktè FWC a oswa direktè a ki pral resevwa elèv la ap deside nouvo lekòl la epi l ap mete elèv la sou lis si sa apwopriye.
  - c. Si yo wè timoun lan pa abite nan Vil Nouyòk, y ap konsidere li kòm yon *non-resident*, nan ka sa a, y ap oblije paran an peye frè ekolaj lekòl la an konfòmite avèk Règleman Chanselye A-125 pou tout tan timoun lan te lekòl la, epi y ap mete timoun lan deyò nan fen semès lè yo wè li pa rete nan Vil Nouyòk la. Anplis, timoun lan pèdi tout dwa l pou l soumèt yon aplikasyon pou l rete anwole nan lekòl Vil Nouyòk kòm yon elèv ki pa abite nan Vil la.
5. Elèv ki nan lojman tanporè ak elèv ki nan *foster care* pa oblije bay prèv adrès pou yo enskri lekòl; sepandan, yo ka fè investigasyon sou adrès sou yo si ta gen yon kesyon sou adrès elèv la oswa yon dout ki montre yo te fè fwod nan adrès la. Lè yo fin verifye adrès tanporè elèv la avèk yon vizit adomisil, timoun lan ka kontinye vin lekòl san li pa bay lòt dokiman sou kote li abite.

## VII. SITIYASYON ESPESYAL

### A. Timoun ki parèt san yon responsab

#### 1. Jèn k ap viv poukont yo ak Minè emansipe

- a. Pou objektif regleman sa a, jèn k ap viv poukont yo jan sa defini nan Regleman Chanselye A-780 gen menm dwa kòm timoun ki nan lojman tanporè (gade Seksyon VII.C pi ba a). Yo pa mande timoun sa yo pou vini avèk yon paran pou bay dokiman pou enskri, anwole, oswa transfere.
- b. Minè emansipe vle di yon timoun (16-17 ki gen laj -17 ane ak plis) ki marye oswa ap viv separe avèk paran, ki pa p resevwa sipò finansye nan men paran an, epi ki pa nan bezwen oswa resi foster care. Yo pa mande timoun sa yo pou vini avèk yon paran pou enskri, anwole, oswa transfere.
  - i. Yo ka mande yon minè emansipe pou siyen yon [Deklarasyon emansipasyon](#) oswa bay yon sètifika maryaj.
  - ii. Yo ka bay prèv adrès ak yon resi lwaye ki sou non minè a oswa yon deklarasyon moun ki lwe minè a kay la ekri, oswa yon deklarasyon notarye minè a bay.

- c. Yo pa mande yon minè emansipe oswa yon jèn k ap viv poukont li pou vini avèk yon adilt pou l ka enskri, anwole lekòl oswa transfere nan yon lekòl. Sant Byenveni pou Fanmi (Family Welcome Centers, FWC), biwo Distri 75, oswa ofisyèl lekòl yo, dwe konsidere laj ak sikonstans timoun lan pou detèmine si yo ta dwe avize ACS.

## 2. Timoun ki pèdi ak jèn ki sove

- a. Timoun ki pèdi vle di yon timoun yo pran nan men paran li gen dwa legal pou gade li.
- b. Jèn ki sove vle di yon endividi ki gen laj 18 lane oswa mwens epi ki kite lakay oswa yon kote li abite legalmansan pèmisyon yon paran.
- c. Si gen dout sou yon timoun ki enskri nan yon lekòl se yon timoun ki pèdi "*missing child*," yon jèn ki sove dwe enskri timoun epi imedyatman epi kontakte pòs polis zòn lan imedyatman.

3. Tout timoun ki pa sou lis lekòl DOE a kounye a ki vini san yon paran ta dwe enskri , menmsi yo pa ka detèmine imedyatman rezon timoun lan vini san paran an.

## B. Elèv ki nan lojman tanporè

### 1. Definisyon:

- a. Yon elèv ki abite nan lojman tanporè se yon timoun ki pa gen yon adrès fiks, regilye ak konvenab leswa pou l rete. Sa gen ladan timoun ki:
  - abite avèk lòt moun akòz li pèdi kay li, poutèt pwoblèm lajan, oswa pou yon rezon parèy (ke yo rele tou "*doubled up*"), oswa viv nan yon motèl, yon otèl, yon tèren pou karavàn oswa anplasman pou *kan*, poutèt yo pa genyen lòt mwayen apwopriye pou akomode yo; oswa
  - ap viv nan yon *shelter* prive oswa piblik ke leta ede peye ki fèt pou ofri moun akomodasyon pou yon bout tan (paegzanp otèl komèsyal, pwogram lojman pou viktim vyolans domestik, lojman piblik ak lojman pou moun ki gen pwoblèm mantal fè tranzisyon); oswa
  - abandone nan yon lopital; oswa
  - viv yon kote prive oswa piblik ki pa fèt pou moun dòmi oswa ke yo pa itilize kòm yon kote pou dòmi regilyèman; oswa
  - yon timoun k ap viv nan yon vwati, pak (jaden piblik), pwopriyete piblik, bilding abandone, kay ki an move eta, otobis oswa estasyon tren oswa menm kalite anviwònman.

- b. Lekòl prensipal (School of origin) vle di lekòl timoun lan te ye lè li te gen kay pèmanan oswa dènye lekòl timoun lan te ye, paegzanp yon pwogram preskolè.
2. Yon elèv ki abite nan lojman tanporè ka swa rete nan lekòl prensipal la oswa ka transfere nan yon nouvo lekòl kote timoun lan elijib pou ale dapre adrès tanporè li ak kote timoun lan satisfè kritè antre, suivan pi bon enterè timoun lan, Yo pa mande elèv lekòl segondè ki abite nan lojman tanporè pou montre ak pwouve difikilte trajè avan yo transfere l nan yon lòt lekòl. Si timoun lan chwazi ale nan nouvo lekòl la dapre nouvo adrès li, lekòl sa a ap enskri l imedyatman ak anwole timoun li, menmsi dosye yo egzije nòmalmman pou enskripsyon pa disponib. Gade CR A-780 pou plis enfòmasyon sou dwa timoun sanzabri.
3. Yo panse li pi bon pou timoun lan rete nan lekòl prensipal li, eksepte nan ka kote paran an mande pou li enskri nan yon lòt lekòl; Yo ta dwe konsidere plizyè faktè lè y ap deside sa ki pi bon tankou; konsekans deplasman sou pwogrè, edikasyon, sante ak sekirite, ak priyorite pou chwa paran, oswa jèn ki endepandan an.
  - a. Dapre Regleman Chanselye A-780 (Chancellor's Regulation A-780) Seksyon IV, si gen yon diskisyon sou kote timoun lan ta dwe rete nan lekòl prensipal oswa transfere nan yon nouvo lekòl kote timoun lan elijib pou ale dapre kritè elijiblite ak plas disponib, DOE dwe anwole ak transpòte timoun lan nan lekòl paran an voye l la (oswa nan ka yon jèn k ap viv poukont li), sa vle di lekòl prensipal la oswa nouvo lekòl la yo voye l la dapre kritè elijiblite ak plas disponib, annatandan rezolisyon final diskisyon an.
4. Yo dwe kenbe konfidansyèl adrès yon timoun k ap viv nan yon kay ki gen vyolans domestik epi yo pa ka pataje l avèk yon biwo oswa ajans.
5. Absans adrès pèmanan pa yon rezon valab pou yo refize admèt, enskri ak pran yon elèv nan lekòl. Elèv ki nan lojman tanporè gen dwa pou anwole ak ale nan lekòl DOE menmsi yo pa ka bay dokiman yo mande nòmalmman pou enskripsyon ak anwolman dapre Tit VII Lwa sou èd pou zanzabri (*McKinney-Vento Homeless Assistance Act*) 42 U.S.C. §11431) ak Regleman Chanselye A-780.
6. Elèv ki abite nan lojman tanporè ap patisipe nan pwosesis admisyon pou atikilasyon klas (3-K, pre-K, Kindergarten, Klas 6yèm ak 9yèm ane):
  - a. Yo dwe bay timoun ki abite nan lojman pèmanan nan menm zòn lan priyorite pou admisyon egal; ak
  - b. Benefisyè menm nivo priyorite pou admisyon nan lekòl oswa pwogram menmsi sitiyaasyon lojman tanporè yo nan yon adrès ta ka fè yo pa elijib pou aplike oswa antre nan lekòl sa a, menmsi yo ale nan yon lojman tanporè andeyò Vil Nouyòk.

7. Si yon timoun nan lojman tanporè nan klas ki avann dènye klas lekòl la kounye a epi li ale nan lojman pèmanan andeyò Vil Nouyòk, li gen dwa pou rete jiska fen dènye klas lekòl la genyen nan lekòl prensipal li san peye frè enskripsyon elèv ki pa rete nan Vil la konn peye.

C. Elèv ki nan *foster care*

1. Definisyon:

- a. "*Foster care*" vle di fwaye dakèy kote yo mete timoun pran swen 24/24 lwen paran adoptif oswa byolojik yo epi se ajans byennèt timoun lan ki gen responsablite pou bay swen ak fè plasman an. Sa vle di plasman nan kay fanmi dakèy (*foster care*), nan kay paran dakèy, kay angwoup, abri pou ijans, kay pou moun abite, enstitisyon pou swen timoun ak kay pou entansyon adopsyon ak lòt kote ankò.
- b. Lekòl prensipal (School of origin) vle di lekòl timoun lan te ale lè li te abite nan yon *foster care* oswa dènye lekòl kote timoun lan te ale, paegzanp yon pwogram Pre-K. Sepandan, lè yo fin detèmine pi bon enterè an, timoun lan ta dwe transfere nan yon nouvo lekòl, yo ka mande nenpòt lekòl kote timoun lan te anwole epi yo pral konsidere l, annatadan si gen plas ki disponib ak elijiblite

2. Elèv nan *foster care* ki chanje plasman *foster care* gen dwa pou rete nan lekòl prensipal la, menmsi li ale abite nan yon lòt zòn lekòl, distri, vil oswa eta, sofsi yo jije li pa nan enterè elèv la pou fè sa.

- a. Desizyon sou sa ki pi bon pou timoun lan gen ladan faktè ki konsantre sou timoun lan tankou: si anviwònman akademik aktyèl la apwopriye, distans nouvo *foster care* la, parapò ak lekòl aktyèl la, sa timoun lan pi pito ak/oswa paran oswa moun ki gen dwa pran desizyon nan edikasyon l, kantite difikilte ltimoun lan deja rankontre, plasman sibling oswa lòt fanmi timoun lan, ak konsekans yon transfè lekòl la, tankou enpak trajè ak distans lan sou timoun lan. ACS ta dwe pran desizyon an, an kolaborasyon avèk DOE avèk kontribisyon lekòl prensipal la, ajans *foster care* an, *foster* paran an, timoun lan, ak paran adoptif oswa byolojik ansanm avèk moun ki gen dwa pran desizyon, jan sa apwopriye.
- b. Si yo jije li pi bon pou timoun lan chanje lekòl, Direktè egzekitif FWC a oswa direktè a oswa pou timoun ki anwole nan pwogram Distri 75, Biwo Distri 75, pral fè yon transfè nan yon lekòl kote timoun lan elijib pou ale. Lekòl la pral enskri timoun lan imedyatman menmsi li pa gen dosye yo egzije nòmalman pou enskripsyon epi y ap kontakte imedyatman dènye lekòl timoun lan te ye a pou jwenn dosye akademik ak lòt dosye ki enpòtan.



- c. Pou elèv lekòl segondè ki nan foster care ki chanje plasman nan *foster care*, yo ka transfere timoun lan nan yon lekòl ki pi pre nouvo foster care a san yo pa oblije satisfè kondisyon transfè pou rezon distans si yo panse li pi bon pou elèv la transfere nan lòt lekòl, jan paragraf 2 a endike.
  3. Si yon timoun nan foster care anwole kounye a nan yon lekòl nan dènye klas li epi ale nan plasman pèmanan andeyò Vil Nouyòk, li gen dwa rete anwole jiska fen dènye klas la nan lekòl prensipal la san peye frè enskripsyon elèv ki pa rete nan Vil la..
  4. Elèv yo nan foster care k ap patisipe nan pwosesis admisyon pou klas atikile (3-K, pre-K, Kindergarten, Klas 6yèm ane ak Klas 9yèm ane):
    - a. Yo dwe bay timoun ki abite nan lojman pèmanan nan menm zòn lan priyorite pou admisyon egal; ak
    - b. Konsève menm nivo priyorite pou admisyon jewografik nan lekòl oswa pwogram menmsi plasman foster care la nan yon adrès ki te ka rann li pa elijib pou aplike oswa plase nan lekòl sa a, menmsi li ale nan yon foster care ki andeyò Vil Nouyòk..
- D. Timoun ki nan enstriksyon adomisil oswa nan lopital ak timoun k ap soti nan lopital ki pa sou lobedyans DOE oswa nan milye lopital.
  1. Yon timoun k ap resevwa oswa pral resevwa enstriksyon adomisil oswa nan lopital dwe rete sou lis lekòl li ye avèk ATS pandan dire tan li ap pran enstriksyon adomisil oswa nan lopital la. Yo pa ka retire timoun sa yo sou lis la pandan tan yo nan enstriksyon adomisil oswa nan lopital la, menmsi timoun lan rete nan enstriksyon adomisil oswa nan lopital jistan ane akademik lan oswa ane lekòl la fini.
  2. Yon timoun ki abite nan Vil Nouyòk ap resevwa oswa pral resevwa enstriksyon adomisil oswa nan lopital ki poko ale nan lekòl DOE, oswa k ap retounen nan distri lekòl Vil Nouyòk apre yo te fin retire l sou lis la, yo dwe mete li nan zòn lekòl li oswa sou lis ATS yo voye li.
  3. Yon timoun k ap soti nan yon lopital ki pa sou lobedyans DOE oswa milye pasyan an gen dwa pou retounen nan lekòl li te ye avan sofsi fanmi an mande yon transfè pou yon nouvo lekòl, eksepte si yo te rekòmande timoun lan pou Distri 75, nan ka sa a, Biwo plasman Distri 75 pral detèmine nan respè yon transfè.
- E. Timoun ki soti sou kontwòl paran
  1. Timoun ki retounen nan distri lekòl Vil Nouyòk ki te sou kont leta tankou ajans eta oswa vil la oswa ajans prive, gen dwa yo jwenn plas apwopriye nan edikasyon san pèdi tan. Ajans ki kenbe timoun yo gen ladan kay pou yon gwoup moun, sant sikyatri, sant pou timoun ki gen pwoblèm devlopman, sant pou detansyon, kote tribinal endike ak sant rezidansyèl pou tretman, tankou sa yo ki sou administrasyon Biwo

ta Nouyòk pou sèvis timoun ak fanmi *New York State Office of Children and Family Services (ACS)* oswa Administrasyon pou sèvis timoun *Administration for Children's Services (NYC)*, oswa Depatman Koreksyon (DOC). Yo pa mande timoun yo pou bay lèt ki di yo te nan yon sant pou detansyon ki lage yo avan yo enskri lekòl. Timoun sa yo pa bezwen vini an pèsòn avèk paran pou enskripsyon nan lekòl la.

2. Depi ajans lan detèmine y ap rekòmande yon plas pou timoun lan retounen lekòl, ajans lan ta dwe voye yon lèt ki dekri chanjman kondisyon timoun lan avèk dosye apwopriye lekòl li, ansanm avèk IEP li nan Biwo enskripsyon elèv oswa Biwo Distri 75.
3. Timoun ki te kite distri lekòl Vil Nouyòk epi k ap retounen soti nan yon enstitisyon sou kontwòl leta nan vil Nouyòk oswa yon lòt kote gen dwa pou retounen nan lekòl DOE yo te ye a avan yo te kite distri a, dapre regleman yo dekri nan dokiman sa a. Biwo enskripsyon elèv (Office of Student Enrollment, OSE) an konsiltasyon avèk timoun lan, paran an ak moun pou kontakte nan Borough Office lan, ka detèmine lekòl timoun lan te ye avan pa apwopriye epi ka idantifye yon lòt plasman; menmjan an, pou timoun ki nan pwogram Distri 75, Biwo plasman Distri 75 ka pale ak timoun lan paran an, detèmine lekòl avan an pa apwopriye, epi ka idantifye yon lòt plas.
4. Timoun yo pa oblije bay lèt ki di yo te nan yon sant pou detansyon ki lage yo avan yo enskri lekòl.

F. Timoun ki soti nan sispansyon

1. Timoun yo te ranvwaye lakay yo k ap retounen lekòl, gen dwa retounen nan lekòl yo te ranvwaye yo a sofsi elèv la deside transfere nan yon lòt lekòl oswa yo transfere l san li pa vle dapre CR A-450. Timoun ki nan Klas 5yèm ane ak timoun ki nan 8yèm ane ke yo te bay sispansyon nan klas 6yèm ane oswa 9yèm ane pou otòn pwochen an, respektivman, gen dwa pou jwenn plas yo nan ane lekòl k ap vini an depi yo satisfè kritè pwomosyon 5yèm ak 8yèm ane yo.
2. Lekòl yo pa ka refize admisyon an pou yon timoun y ap transfere oswa k ap soti yon nivo poutèt yo te sispann avan an.

**VIII. AVIZE SOU LIS (LIST NOTICE)**

List notice se yon pwosès teknik kote DOE retire timoun yo sou yon lis lekòl pou mete yo sou yon lòt, dapre regleman ki site pi ba a:

- A. Sèlman nan okazyon sa a yon lekòl ka avize sou lis (list notice) yon timoun se si lekòl la gen yon klas tèminal avan klas 5yèm ane epi lekòl la avize sou lis timoun lan nan klas tèminal lan nan yon Zoned school pou ane lekòl k ap vini an Si timoun lan pa gen yon zoned school , oswa si fanmi li ta renmen konsidere lòt opsyon, li ka vizite yon sant byenveni pou fanmi (Family Welcome Center, FWC).
- B. Tout lekòl ki avize sou lis yon timoun pou nenpòt lòt rezon pase sa k site pi wo a pral nan vyolasyon avèk regleman sa a.

1. Dapre seksyon I.E.3, timoun yo pran nan yon lekòl patikilye gen dwa pou rete jiskaske li rive nan dènye klas lekòl la genyen, menm si yo voye l nan yon zòn oswa yon distri ki diferan nan Vil Nouyòk epi yo pa ka voye avi ba nouvo *zoned school* li a. Timoun sa yo ka sèlman transfere dapre pwosedi ki dekri nan seksyon I.E.4.
  2. Yo ka remete sou lis lekòl aktyèl yo timoun yo mal voye avi ba yo nan yon diferan lekòl nan lekòl yo te ye avan an oswa Biwo enskripsyon elèv (Office of Student Enrollment, OSE) oswa pou timoun ki anwole nan pwogram Distri 75, Biwo plasman Distri 75 ka remete yo nan lekòl yo gen òf admisyon an.
- C. Biwo enskripsyon an retire timoun nan yon lekòl pou mete l nan yon lòt lekòl sèlman pou rezon sa yo :
1. plasman timoun yo sou lis lekòl kote yo te resevwa òf atravè pwosesis admisyon an;
  2. Plasman timoun ki kite oswa retounen nan Vil Nouyòk apre fen ane lekòl la men avan lòt ane a kòmanse ak jwenn yon plas nan yon lekòl;
  3. lekòl k ap fèmen, k ap ouvè oswa lekòl y ap reòganize.

#### IX. **EKSEPSYON (WAIVER)**

Chanselye a oswa reprezantan l ka anile règleman sa a oswa nenpòt pati ladan l si li jije li pi bon pou distri lekòl Vil Nouyòk la.

#### X. **DEMAND RANSÈYMAN**

Si gen kesyon konsènan kondisyon pou enskripsyon, admisyon ak transfè, ou dwe kontakte : [Biwo enskripsyon elèv \(Office of Student Enrollment\)](#)

Telefòn: 718-935-2009

Faks: 212-374-5568

Si gen kesyon konsènan pwosedi ak règleman sou prezans, ou dwe kontakte :

Office of Safety and Youth Development – Mandated Responsibilities

Telefòn: 718-374-6095

Faks: 212-374-5751

Si gen kesyon konsènan admisyon ak transfè nan Distri 75, ou ta dwe kontakte Distri 75.

Telefòn: 212-802-1500

Faks: 212-802-1678

Si gen kesyon konsènan admisyon ak transfè nan Distri 79, ou ta dwe kontakte Distri 79.

Telefòn: 917-521-3639

Faks: 917-521-3649